



Kontwòl Efikas kont Vèmin Anndan Kay

*Enfòmasyon pou Moun ki Gen Anpil Laj ak pou
Moun nan Fanmi an k ap Okipe yo*

Èske ou te konnen nan 8 kay sou 10 nan Etazini, moun sèvi avèk pestisid anndan kay yo, epi deyò tou?1 Nan pami pestisid yo sèvi pi souvan yo, genyen pwodwi yo vaporize kont ravèt ak pwazon pou ravèt, pwodwi pou kontwòl tèmit, pwazon pou rat, pwodwi yo vaporize epi poud kont pis ak tik, pwodwi pou touye raje, pwodwi yo vaporize kont ensèk, epi dezenfektan pou twalèt ak pou kwizin.

Danje Pestisid Mete nan Anviwonman an

Lè yon moun yon kote ki gen twòp pestisid, nòmalman paske yo te sèvi mal ak yon pwodwi, sa kapab lakòz li gen pwoblèm grav tankou mal tèt, tèt vire, kontrakti nan mis li, feblès, oswa kè plen. Yo dekouvri kèk ka kote yon moun ki te pase twò lontan yon kote ki gen pestisid ak/oswa si moun lan te yon kote ki gen twòp pestisid, li te vin gen kansè, oswa pwoblèm nan fè piti, oswa pwoblèm nan sistèm nève li.

Pou Rete Lwen Pestisid

Gran paran timoun yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan pwoteje timoun yo kont pestisid ki gen danje, si yo kenbe pwodwi sa yo nan yon kote timoun pa kapab jwenn yo.

Ankèt nan sèvis ijans lopital montre lè timoun ki poko gen 6 an yo ale kay gran paran yo, se la li pi fasil pase lakay yo, pou yo jwenn pwazon nan kote nan kay la yo kapab rive, ki konn san bouchon timoun pa kapab ouvri. Epi tou, alòske pousantaj moun ki gen anpil laj ki viktim pwazon yo se 2,8%, pousantaj timoun nan tout ka medikal ki ant modere ak grav yo se 5,9% , epi 28% ladan yo konn mouri.²

Si gen sentonm ki parèt sou ou menm oswa sou moun nan fanmi w, ki montre nou pran yon pwazon sa yo, rele National Poison Control Center [Sant Nasyonnal pou Kontwòl Pwazon] nan nimewo 1-800-222-1222.

Yon reponsabilite ki enpòtan pou tout jenerasyon yo, se sèvi avèk pestisid yon jan ki kòrèk.

Pestisid yo kapab ajji plis sou moun ki gen anpil laj yo poutèt chanjman ki fèt nan kò moun sa yo, nan jan yo absòbe pwodwi chimik.

Si w sèvi avèk yon sistèm entegre pou eliminen vèmin, sa kapab ede w pa bezwen pestisid.

Nòt Anba Paj

¹ U.S. EPA, National Household Pesticide Usage Study, 1992, Office of Pesticide Programs

² National Poison Control Center Data, 1993-1998

Kisa ou Kapab Fè pou Kontwole ak Diminye Danje Polisyon nan Anviwonman-w

Konsèy pou sèvi avèk pestisid anndan kay:

- Li etikèt la. Etikèt ki sou pestisid yo, se pi bon kote pou-w jwenn enfòmasyon sou jan ou kapab sèvi avèk pestisid yo san danje, epi avèk efikasite. Si-w pa wè byen, mande yon moun ede-w.
- Toujou kenbe pestisid yo nan bwat oswa mamit yo vann yo. Pa janm sèvi avèk yon bwat oswa yon mamit ki te gen pestisid, pou fè yon lòt bagay.
- Sèvi avèk pwogram pou jete dechè a, si gen sa nan katye-w. Kontakte biwo ki responsab tretman dechè solid nan zòn ou an, oswa depatman sante a pou mande si gen yon pwogram nan kominote-w la pou jete dechè ki gen danje yo. Si pa gen pwogram konsa, swiv direktiv ki sou etikèt la byen.
- Pa janm sèvi anndan kay avèk pestisid ki fèt pou sèvi deyò.
- Fè moun ak bèt ou gade nan kay la rete lwen kote yo vaporize avèk pestisid, ak kote ki gen vapè sa yo. Li etikèt la pou-w konnen kilè pa gen danje ankò pou moun ak bèt ou gade nan kay la retounen nan kote sa yo.
- Eseye pa vaporize kote ou sere oswa kwit manje, epi eseye pa mete pwodwi chimik sou tout planche yo, ni sou tout miray yo, ni sou tout plafon an.
- Limite aplikasyon pestisid yo nan kote ki gen vèmin yo, epi sèvi sèlman avèk kantite yo rekòmande sou etikèt la.
- Eseye pa sèvi avèk pestisid yo deyò lè gen van. Anvan ou vaporize deyò, fèmen pòt ak fenèt kay ou.
- Lè ou fin sèvi avèk yon pestisid, lave tout kote nan kò-w oswa nan rad ou ki te kapab pran kontak avèk pestisid la.

Sèvi avèk yon Sistèm Entegre pou Eliminen Vèmin (IPM) – Eseye pa Sèvi avèk Pestisid si-w Kapab

US EPA bay konsèy sèvi avèk yon estrateji jeneral pou eliminen vèmin, ki konn rele souvan “sistèm entegre pou eliminen vèmin” (IPM) pou kontwole vèmin ki nan kay oswa nan bilding ki gen apatman. IPM se yon sistèm pou eliminen vèmin, ki sèvi an menm tan avèk yon estrateji kontwòl san pwodwi chimik, epi avèk mwens pestisid toksik, sa ki pèmèt diminye danje pou sante moun ak pou anviwonman an.

Pa egzanp, ou kapab sèvi avèk pèlen, avèk pyèj, oswa avèk gonm lakòl, pase pou-w vaporize pwodwi pou eliminen vèmin yo. IPM diminye danje pou sante, pou popilasyon ki sansib yo, tankou moun ki gen anpil laj.

Aprann plis sou Inisyativ EPA pou Moun ki Gen Anpil Laj la

Inisyativ EPA pou Moun ki Gen Anpil Laj la ap travay sou prekosyon nan anviwonman an pou pwoteje sante moun ki gen anpil laj; pou rive fè sa, lap fè kowòdinasyon ant rechèch, estrateji prevansyon, ak edikasyon piblik la. Ale nan adrès <http://www.epa.gov/aging>

Pou plis enfòmasyon sou pestisid, rele nimewo 703-305-5017, oswa ale nan sit entènèt nou an, nan adrès <http://www.epa.gov/pesticides>.

AGING Initiative

